

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil pedaran dina bab IV, bisa dicindekkeun hal-hal sakumaha ieu di handap.

- 1) Dina kagiatan awal, kompetensi guru dina nyusun rarancang pangajaran aya dina kategori handap. Ieu hal disababkeun ku sababaraha faktor diantaranya masih loba kabingung lantaran bedana kasang tukang atikan jeung RPP anu rek diajarkeun. Sabada dilaksanakeun supervisi klinis pengawas jeung kagiatan MGMP basa Sunda aya kamajuan anu mantak nyugemakeun nya eta guru miboga pangaweruh jeung leungit kabingung dina nyusun RPP sanajan lain ti pendidikan basa Sunda;
- 2) Dina prakna nyusun RPP kurang maham kana aturan anu luyu sakumaha harepan, sabab hengkerna pangaweruh, kurangna sumber jeung bahan, can bisa ngolah jeung nangtukeun materi, can bisa ngalarapkeun jeung make media anu luyu jeung karakter siswa, can jelas runtuyan kagiatan diajarna, jeung can jelas dina nangtukeun evaluasi boh bahan, soal, instrumen pituduh jeung sajabana. Sabada dilaksanakeun supervisi klinis pengawas jeung kagiatan MGMP basa Sunda, guru ngarti jeung maham kana aturan sarta komponen-komponen anu kudu aya dina RPP. Ieu hal dituduhkeun ku lengkepna komponen dina RPP hasil kagiatan pos tes;
- 3) Handapna kamampuh nyusun RPP dumasar kana angka hasil pre tes anu kurang nyugemakeun. Sabada supervisi klinis pengawas jeung kagiatan MGMP basa Sunda undakna kamampuh guru dina nyusun RPP lantaran dina dirina geus boga kahayang sangkan maju, boga pangaweruh sarta apal kana aturan nu aya, ieu hal bisa katiten dina hasil pos tes anu angka-angka leuwih luhur batan hasil pos tes;

- 4) Kabiasaan anu saukur niron tina hasil gawe nu sejen dina nyieun RPP atawa nungguan hasil tina kagiatan MGMP anu geus jadi. Sabada dilaksanakeun supervisi klinis pengawas jeung kagiatan MGMP basa Sunda eta mental jeung kabiasaan teh jadi robah, lain saukur ngadagoan jeung niron hasil ti batur tapi bisa nyiptakeun model RPP sorangan tur bisa jadi conto pikeun guru lainna boh disakolana atawa guru anu teu milu kagiatan MGMP basa Sunda;
- 5) Skor variabel supervisi klinis pengawas nu posisina dihandapeun harga rata-rata aya 16 (45,71%) réspondén, ari nu posisina aya di luhureun harga rata-rata aya 19 (54,29%) réspondén. Ku éta hal, bisa dicindekkeun yén variabel supervisi klinis pengawas jeung kagiatan MGMP basa Sunda di kabupatén Cirebon kaasup kana katégori luhur. Ieu hal nuduhkeun yen supervisi klinis teh karasa mangpaatna pikeun guru dina ngaronjatkeun kompetensi nyusun rarancang pangajaran.

Anapon lamun disawang tina karakter sosial guru basa Sunda samemeh dilaksanakeun kagiatan supervisi klinis pengawas jeung kagiatan MGMP basa Sunda bisa katiten katerangan di handap.

1. Guru miboga kamampuh dasar minangka guru anu pernah diajar dipaguron luhur perkara tehnik kaguruan hususna dina nyusun RPP;
2. Karakter jeung kasang tukang atikanna anu beda oge sistem paguron anu beda tangtu tangtu bakal mangaruhan kana hasil jeung kamampuh guru dina nyusun RPP;
3. Samemeh dilaksanakeun kagiatan nyusun RPP guru geus boga bekel pangaweruh ngeunaan nyusun RPP anu sering dilaksanakeun disakola sanajan can apal aturan dina nyusun RPP anu bener luyu jeung Permendiknas taun 2007;
4. Kurang maham aturan lantaran sikepna jeung kabiasaan anu saukur nungguan hasil ti batur anu langsung jadi;
5. Aya guru anu atikan lain ti kependidikan (hukum jeung kahutanan), teu apal kumaha aturan jeung wangun RPP anu bener.

Sabada dilaksanakeun kagiatan supervisi klinis pengawas jeung kagiatan MGMP basa Sunda bisa katiten yen kamampuh guru basa Sunda aya undakna dina nyusun RPP hususna:

1. Guru geus nuliskeun identitas dina RPP kalayan lengkep;
2. Guru ngarumuskeun tujuan pembelajaran nyoko kana SKKD;
3. Guru nepikeun bahan ajar ka siswa luyu jeung pamedih SKKD;
4. Guru milih metode jeung strategi pembelajaran anu ngarojong kana gancangna siswa maham kana materi nu rek ditepikeun;
5. Guru jelas sumber anu dipakena, naha buku, majalah, koran, media internet, jeung bahan anu ngarojong kana kahontalna kompetensi pikeun siswa;
6. Guru geus bisa nangtukeun alat jeung media pangajaran luyu kana karakteristik siswa ku nyieun sorangan dumasar kana kreatifna atawa media teknologi IT;
7. Dina kagiatan diajar, guru nuliskeun kalayan rinci prosesna ti mimiti eksplorasi, elaborasi, jeung konfirmasi;
8. Guru bisa ngajelaskeun kalayan rinci wangun jeung instrumen evaluasi anu bakal dilaksanakeun sakumaha pamedih standar kompetensi dina nepikeun bahasan jeung pedaran. Dina RPP anu dijieun geus rinci tur jelas wangun evaluasina, conto soal jeung instrumen pangajenna;
9. Guru geus leuwih kreatif nyambungkeun antara eusi evaluasi jeung standar kompetensi. Dina RPP kapanggih aya guru anu nuliskeun instrumen evaluasina disaluyukeun jeung kamampuh siswa, nuturkeun paneka jaman, variasi soal jeung jawaban anu bener tur bisa dijadikeun conto pikeun guru-guru anu milu kana ieu kagiatan.

Kacindekan di luhur némbongkeun antara supervisi klinis pengawas jeung kagiatan MGMP boh sacara séwang-séwangan boh sacara babarengan, aya pangaruh pikeun ngaronjatkeun kompetensi guru.basa Sunda dina ngarancang pangajaran,

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan perkara pangaruh supervisi klinis pengawas mata pelajaran basa Sunda jeung kagiatan MGMP basa Sunda kana kompetensi guru basa Sunda di kabupatén Cirebon dina ngarancang pangajaran, ditélélakeun saran-saran.

- 1) Supervisi klinis ti pengawas mata pelajaran téh kaitung stratégis dina mantuan ngundakkeun kompetensi guru, boh kompetensi profésional, pédagogik, kapribadian, boh sosial, ku kituna disarankeun pikeun dimaksimalkeun kagiatanana, utamana ku guru.
- 2) Salian ti supervisi klinis ti pengawas mata pelajaran, nu kudu dimaksimalkeun kagiatanana dina enggoning ngundakkeun kompetensi guru téh di antarana kagiatan MGMP. Kagitan MGMP téh dipalar teu saukur mangrupa kagiatan ngumpul bulanan nu taya pupurieunana, tapi kudu jadi sarana pikeun usaha ngamajukeun dunya atikan ngaliwatan guru.
- 3) Guru basa Sunda dipalar parigel dina ngarancang pangajaran, prak-prakan pangajaran, jeung evaluasi pangajaran. Ku éta hal, geus sawadina sacara tuluy-tumuluy ngundakkeun kompeténsina ngaliwatan rupa-rupa cara jeung sarana, boh formal boh informal.